



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ENVITE NOUYÒKÈ AK VIZITÈ YO POU PECHE LIB NAN SAMDI 24 SEPTANM

*Yo ankouraje pechè tout nivo lanse yon liy, dekouvri avantaj lapèch lib nan dlo dous*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a samdi 24 septanm lan, kòm yon Jounen Lapèch Lib nan Eta New York. Jounen lapèch lib nan dlo dous sa a se youn nan sis pechè lib ki fèt chak ane epi li kowenside avèk [Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch](#), (National Hunting and Fishing Day la), ke yo selebre pou ankouraje aktivite deyò ki se kontribitè enpòtan nan ekonomi New York la epi ki ede sipòte konsèvasyon pwason ak bèt sovaj.

"Soti nan Babylon rive nan Buffalo, Jounen Lapèch Gratis yo se yon gwo opòtinite pou Nouyòkè yo jwi aktivite deyò nan youn nan anpil lokal lapèch klas mondyal nan Eta New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout moun pou yo pwofite Jounen Lapèch Lib wikenn sa a, pou sipòte ekonomi lokal New York la, epi pou yo wè avantaj gwo efò konsèvasyon nou yo pou pwoteje ak amelyore resous natirèl nou yo."

Nan [Jounen Lapèch Lib yo](#), rezidan New York ak moun ki pa rezidan yo ka peche libe e libè san yo pa gen lisans pou lapèch. Y ap raple moun k ap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo ke byenke moun pa bezwen lisans pou yo peche pwason, tout lòt règleman lapèch yo rete an vigè. Sizyèm, ak dènye Jounen Lapèch Lib nan 2022 an se nan Jounen Veteran yo, 11 novanm 2022.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "DEC kontan anpil pou l sipòte Jounen Lapèch Gratis pandan tout ane a pou ede entwodui moun yo nan espò lapèch la. Ansanm ak lòt amelyorasyon tankou nouvo fonksyon Tackle Box nou an sou aplikasyon telefòn entelijan HuntFishNY la, DEC kontinye travay pou rann lapèch pi aksesib pou pechè lokal yo ki gen tout nivo konpetans pou yo jwi ekselan lapèch nan lak, etan, rivyè, ak kouran dlo yo nan chak rejyon."

Nan kòmansman ete sa a, DEC te lanse nouvo fonksyon 'Tackle Box' la pou amelyore touris ki gen rapò ak lapèch epi ede nouvo pechè ak sila yo ki gen eksperyans yo jwi gwo lapèch yo ofri nan tout New York. Fonksyon Tackle Box la disponib sou [aplikasyon](#)

[telefòn entelijan HuntFishNY](#) DEC la (disponib pou iOS ak Android) ki bay enfòmasyon sou prèske tout règleman lapèch, mas dlo Eta a, sit aksè ak lapèch Eta a opere, enfòmasyon sou stokaj, ak lòt finksyon itil tankou foto pou ede idantifye pwason ke yo gendwa jwenn nan kèk rivyè, lak, oswa kouran dlo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou aplikasyon mobil HuntFishNY la sou [sitwèb DEC la](#).

Pajwèb [Plas pou Peche](#) DEC la yon sous fyab tou pou sila yo ki pare pou planifye pwochen soti lapèch yo. Pou pechè debitan ki enterese kòmanse yo, [Gid pou Debitan pou peche nan dlo dous, I FISH NY](#) la bay enfòmasyon sou tout bagay soti nan fason pou manevre yon kàn pèch rive nan idantifikasyon priz la ak konpreyansyon règleman lapèch yo.

Lè yon moun p ap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo, pechè ki gen 16 ane ak pi plis dwe gen yon lisans lapèch Eta New York ki valid pou peche nan dlo dous. Lisans lapèch kounye a yo valab pou 365 jou apati dat acha a. W ap jwenn plis enfòmasyon sou acha yon lisans lapèch nan dlo dous sou [sitwèb DEC la](#). Ou ka jwenn enfòmasyon sou Rejis Lapèch Maritim pou Lwazi ki obligatwa ki pa peye pou lapèch nan dlo sale [isit la](#).

Nouyòkè yo ka aprann plis sou achte yon lisans epi jwenn plis enfòmasyon sou lapèch nan dlo dous [isit la](#). W ap jwenn plis enfòmasyon sou lapèch nan dlo sale [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418